

Frè Pwogram Aprè lekòl Elemantè - Kesyon Fanmi yo poze souvan (FAQ ann anglè) pou Ane 2026-2027

- Kisa frè enskripsyon an ye?
 - Yonfwa yo fin aksepte yon elèv nan pwogram nan, li dwe peye yon frè enskripsyon \$35.00 ki pa ranbousab pou rezève plas elèv nan pwogram avan oswa apre lekòl la.
 - Y ap oblije tout paran peye frè enskripsyon an, menm paran k ap resevwa sibvansyon (paegzanp ELC, VA, elatriye).
 - Frè a pa ranbousab apre premye jou ane lekòl la.
 - Frè enskripsyon an valab pou tout ane lekòl la nan nenpòt lekòl elemantè nan Distri Lekòl Rejyon *Palm Beach* la.
- Èske y ap monte frè yo?
 - Non. Frè enskripsyon ak frè pwogram apre lekòl yo rete menmjan pou ane lekòl 2026-2027 la.
- Èske fason yo kalkile frè yo ap chanje?
 - Non. Nou te kontakte fanmi yo pou nou te kapab detèmine si nou ta dwe chanje fason yo kalkile frè nou yo. Repons yo montre paran yo mete yon montan fiks apa epi yo swa enpasyal, satisfè, oswa trè satisfè ak fason frè yo fèt la, kote peman yo menmjan chak mwa.
- Kòman yo kalkile frè yo?
 - Yo baze frè chak mwa yo selon pri pou chak èdtan pwogram aprè lekòl la kounye a (\$3.70 Jadendanfan rive 5^{ème} ane/\$5.11 Lè pwogram VPK pwolonje) epi yo kalkile yo dapre kantite jou prezans lekòl (kantite jou lekòl nan ane a).
 - Pou ede fanmi yo planifye bidjè yo, yo divize total frè pou tout ane a an vèsman egal chak mwa pou montan total lajan an.
- Poukisa mwa ki pi kout yo koute menm pri a (Novanm, Desanm, elatriye)?
 - Yo itilize total kantite jou lekòl ki nan kontra a pou kalkile frè yo, epi yo divize total la an vèsman egal chak mwa. Pifò fanmi te di nan sondaj nou an genyen yon montan fiks chak mwa ede yo pi byen jere bidjè kay yo.
- Si pitit mwen an manke jou, èske m ap jwenn kredi pou jou sa yo?
 - Non. Yo pa kalkile frè yo selon kantite jou prezans; yo baze sou prezans ki nan kontra a. Pwogram nan ap rezève yon plas pou timoun nan epi li dwe planifye kòmsadwa. Yo dwe peye mwa a an antye,

menm si elèv la pa vini chak jou, rate yon jou akòz maladi, vakans, oswa nenpòt lòt rezon. si li malad, si li an vakans, oswa pou nenpòt lòt rezon.

- Nou pa ofri sèvis (drop-in) san randevou.
- Kilè peman yo dwe fèt?
 - Peman yo dwe fèt nan premye jou ak 15 chak mwa. Si youn nan dat yo tonbe nan yon wikenn oswa yon jou konje, peman yo ap fèt nan pwochen jounen travay/lekòl la.
 - Yo oblije peman tout mwa a kèlkeswa dat ou enskri. Yo pa kalkile frè yo dapre kantite jou prezans, jan yo detèmine sa nan kalandriye ki nan kontra a.
- Èske Peman Otomatik (*AutoPay*) kapab itilize pou peye an de (2) vèsman?
 - Non. Pou kounye a, pa genyen okenn fason pou fè Peman Otomatik peye sèlman mwatye yon fakti nan premye jou a. Chwazi Peman Otomatik pèmèt sistèm nan peye tout fakti a nan dat limit fakti a. Si w ta renmen peye an plizyè vèsman, pa enskri nan Peman Otomatik (*AutoPay*).
- Èske yo bay anplwaye yo rabè?
 - Kalandriye frè pou anplwaye Distri a genyen ladan yon rabè 25% sou frè. Yo kalkile total la pou tout jou lekòl yo epi yo divize li pa dis (10) mwa egal.
 - Yo dwe ranpli CHAK ane lekòl (apre 1^{ye} jiyè) von nouvo fòm Verifikasyon Anplwaye PBSB 2476 pou Pwogram Aprè Lekòl (fòm nan disponib 1^{ye} Jiyè) pou CHAK timoun ki enskri nan pwogram apre lekòl. Yo pa transfere elijiblite pou rabè otomatikman chak ane si w pa soumèt nouvo fòm nan.
 - Yo aplike rabè a nan kòmansman mwa apre anplwaye a soumèt fòm [PBSB 2476 Verifikasyon Anplwaye pou Pwogram Aprè Lekòl](#) elektwonik la (fòm ki disponib 1^{ye} Jiyè).
 - Tanpri, sonje yo pa kapab enkli nan salè yon rabè yo plis pase 20%. IRS egzije pou rabè (5%) ki rete a enkli kòm salè nan Fòm W-2 anplwaye a. Y ap deziye diferans 5% an kòm revni montan ki dwe takse nan kalandriye chèk anplwaye a pou ane a nan mwa desanm.
- Konbyen mwen dwe si mwen resevwa *ELC*?
 - Pou elèv ki resevwa sibvansyon, y ap kalkile pòsyon frè paran yo responsab pou peye a pou tout jou (lekòl) nan kontra yo divize pa dis (10) mwa egal.

- Frè pwogram nan pou elèv ki patisipe nan pwogram maten ak aprè lekòl la pi wo pase pri ki ranbousab *ELC* bay la. Paran/Responsab legal la responsab pou peye pati pa li (*co-payment*) *ELC* mande a, ansanm ak diferans nan pri a.
- Kisa k rive si m enskri oswa si m retire pitit mwen nan mitan mwa?
 - Si yon elèv enskri apre premye jou nan mwa a, fòk li peye omwen yon vèsman nan moman enskripsyon an oswa anvan elèv la kòmanse vini.
 - Yo oblije peman tout vèsman an (oswa tout mwa a nèt), menmsi elèv la pa vini chak jou, enskri nan mitan mwa a, oswa rate yon jou akoz maladi oswa nenpòt lòt rezon. Nou pa ofri sèvis (drop-in) san randevou.
- Ki lòt frè ki genyen?
 - Frè pou vin chèche elèv anreta: Yo fè peye yon frè \$1 pa minit pa fanmi lè yo vin chèche elèv yo anreta.
 - Frè pou peman anreta: Peman ki pa fèt nan oswa anvan dat limit yoi espesifye nan kalandriye lis frè yo ap genyen yon frè \$10 pou peman anreta pa fanmi chak mwa.
 - Tanpri, sonje peman an dwe kouvri total balans ki dwe a, ki genyen ladan frè, frè pou vin chèche elèv anreta, frè pou peman anreta ak tout lòt frè.
 - Y ap sispann/kanpe sèvis si yo pa resevwa peman an. Pou retounen nan pwogram nan, yo dwe peye tout dèt ki nan kont la, epi yo dwe peye tout frè ki poko peye ak frè peman anreta.
 - Yo p ap bay okenn kredi sou frè pou jou yo rate akoz yo te sispann sèvis paske yo pa te peye.